

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 80  
Document Title: Fanm nan lalwa peyi dayiti  
Document Date: 1995  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00799




\* D 6 E F D 3 4 4 - 1 8 9 3 - 4 F 2 1 - A E A 9 - 3 8 B C 6 A D D 0 9 9 7 \*

**Cabinet de Consultation,  
de Formation  
et d'Assistance Légale**

# **Fanm nan lalwa peyi Dayiti**

*Ti liv pou fòmasyon fanm  
sou lalwa peyi yo  
Liv #3*

Nadine Perrault et Françoise Bouzi Bonhomme (Avocat)  
Membres Fondateurs de COFAL - Publication COFAL - avec appui du CIFD  
Juin 1995



*F Clifton White Resource Center*  
**International Foundation for Election Systems**



## **Fanm nan lalwa peyi Dayiti**

### **BI FOMASYON AN**

- Fè tout moun konnen sitiyasyon fanm peyi d'Ayiti dapre lalwa peyi a.
- Ede tout moun rekonèt pati lwa peyi a ki pote anpil diskriminasyon pou fanm yo.
- Rekonèt diferans ki genyen, dapre lalwa, ant yon fanm ki marye anvan 1982, yon fanm ki marye apre 1982 ak fanm ki pa marye.
- Chache konprann kote diskriminasyon yo soti epi reflechi sou posibilite tabli egalite fanm ak gason devan lalwa.



## ENTWODIKSYON

Gen anpil fanm nan peyi Dayiti ki pa konnen sitiyasyon yo devan lalwa peyi a. Yo tandè lòt fanm ap goumen pou sitiyasyon an amelyore, men yo pa konnen nan ki sa yo ye ni nan ki sa yo sòti.

Chak fwa fanm yo vle fè yon ti demach nan zafè lalwa a, yo jwenn moun k ap di "Fanm yo vle mete yo tankou se gason yo ye". Fanm pa gason, men fanm se granmoun menm jan ak gason e gen yon seri dwa tout granmoun dwe genyen.

Nan ti "CHACHE KONNEN" sa a ki fèt sou sitiyasyon fanm nan peyi d'Ayiti, anplis sa lalwa di kont fanm yo, nou konsidere e nou analize tout kote lalwa peyi d'Ayiti site non FANM nan, sou sa ki pi enpòtan pou li.

Nou pale tou de jan sitiyasyon fanm yo te ye lontan ak jan li ye jounen jodi a, yon fason pou pèmèt tout moun konprann valè chanjman ki fèt yo; yon fason tou pou tout moun wè klè chimen ki ret pou fè a.

**COFAL**

## I- FANM NAN KONSTITISYON

Konstitisyon an se pati nan lalwa ki bay prensip jeneral pou òganizasyon peyi a, òganizasyon leta. Se li tout rès lwa yo dwe suiv e se sa ki fè yo konn di: *Konstitisyon an se maman lwa peyi a.*

### 1.- Ki jan sa te ye lontan:

#### a) *Nan zafè nasyonalite*

Nasyonalite se eta yon moun ki fè pati de yon peyi, de yon nasyon. Se kòd lonbrit ki mare yon moun ak yon peyi.

Malgre konstitisyon peyi a pa t gen pwoblèm ak medam yo nan koze nasyonalite a, gen yon lwa ki te pibliye an 1907 ki te bay fanm ayisyèn ki marye ak yon etranje anpil pwoblèm. Dapre lwa sa a, medam sa yo te pèdi nasyonalite yo. Pi rès ankò, otomatikman medam ayisyèn yo te marye ak etranje yo, yo te pèdi tou, tout tè ak kay yo te genyen akòz maryaj la. Se sèlman yon lwa ki te sòti 23 oktòb 1942 ki te elimine diskriminasyon sa a nèt ki te pèmèt medam yo pran yon ti souf.

Depi 1942, yon fanm ayisyèn ki marye ak yon etranje pa pèdi nasyonalite li.

#### b) *Nan koze eleksyon*

Juska 1950 yon fanm ke l te marye, ke l li pa t marye pa t kapab al vote lè gen eleksyon. Ale wè pou l ta poze kandidati l.

Pou medam yo te rive gen dwa vote a, se depi an 1935, yo te kòmanse goumen pou sa. Se yon gwoup medam ki te reyini nan "Ligue Féminine d'Action Sociale", yon gwoupman fanm ki t'ap travay pou

liberasyon ak amelyorasyon sitiyasyon fanm yo, ki te mennen lit sa a e yo pa t sispann goumen jis yo te rive jwenn menn dwa ak gason sou koze eleksyon yo.

Se konsa Konstitisyon 1950 la te vin bay tout fanm majè dwa pou l vote e poze kandidati li. Men te gen kèk restriksyon, kèk fren, nan dwa sa yo. Fanm te gen dwa al nan eleksyon men se pou pòs majistra kominal senpman e pou yon fanm marye te jwi de dwa sa a tou, yo te mete yon kondisyon ladann: fòk madanm marye a te gen otorizasyon mari l, sa vle di fòk mari l te dakò pou l la l vote.

Se sèlman an 1957 (lwa 25 janvyè a ke Konstitisyon 1957 la vin kore an apre) ke fanm majè a, kit li marye kit li pa marye, te kapab vote epitou poze kandidati l tou pou nenpòt pozisyon lè gen eleksyon.

## 2.- Ki jan sa ye jodi a:

Tout konstitisyon peyi a vin genyen an apre, rive sou konstitisyon 1987 ki an vigè koulye a vin kaba tout diskriminasyon kont fanm yo. Men nou pral wè kote malgre konstitisyon an fin fè gran pa sa a, lòt lwa yo pa ko swiv.

## II.- FANMNAN LEJISLASYON SIVIL

Yo reyini nan **lejislasyon sivil**, tout sa ki konsène moun, lafanmi ak byen. Tout sa yon moun ka fè tankou moun, tout zak yon moun ka poze nan vi l, tankou marye, fè pitit, achte, vann, prete, elatriye, konsidere nan legislasyon sivil la.

Anvan nou konmanse koze a, fòk nou di KOD SIVIL ki vle di liv kote yo reyini tout lwa ki okipe zafè moun, lafanmi ak byen, ki an vigè kounye a, enben *kòd sa a te fèt depi an 1825*.

*Kòd Sivil la pa ko janm refèt, men gen kèk dekrè-lwa ki te pran pou chanje kèk bagay ladan, pou chanje sitiyouyon fanm yo ak timoun yo.*

Fanm nan peyi-a pa te chita bra kwaze, yo te lite anpil pou chanje sitiyouyon yo, pou yo rive gen menm dwa ak gason yo. Fanm nan peyi d'Ayiti te gen, e li gen toujou anpil baryè, sou plan sa a e si nou konpare sa yon fanm ka fè ak sa yon gason ka fè, n ap wè gen anpil diskriminasyon kont fanm yo toujou nan lwa peyi nou an.

## **1.- Ki jan sa te ye lontan:**

### **a) Zafè sèvi temwen**

Nan zafè ak sivil, yon temwen se yon moun majè ki byen rekonèt yon moun k ap fè yon deklarasyon, e ki vin pou sètifye deklarasyon moun nan ap fè a pa gen manti ladan.

Dapre Kòd Sivil la yon fanm pa kapab sèvi temwen nan nenpòt ki ak tankou batistè etsetera; yon fanm pa gen dwa vin siyen ak sa a yo.

Se konsa pou ak maryaj, pou testaman, e pou divès lòt ak, yon moun pa kapab chwazi yon fanm kòm temwen, menm si fanm sa a majè (atik 789 Kòd Sivil).

Se sèlman an 1920, avèk yon dekre ki te soti 20 jiyè, yo fini pa rekonèt fanm nan gen dwa sèvi temwen menm jan ak nenpòt ki gason.

### **b) Titris yon timoun**

Titris la, se yon moun majè ki la pou veye sou interè yon timoun, ki la pou l okipe l, ba li bon jan laswenyaj, bon jan ledikasyon, lè youn osnon toulède paran timoun sa a mouri.



Titris la pou l veye sou enterè timoun nan paske timoun nan se yon minè ki vle di yon moun ki pa ko gen 18 an e ki pa ko gen tout kapasite li devan lalwa.

Yon fanm pa gen dwa titris yon minè. Ki fè, lè paran yon timoun mouri yon fanm pa kapab jwe wòl titris timoun sila a; fòk se granpè bò papa oswa granpè bò manman an pou yo chwazi anvan.

Sa ki pi rèd la, lè papa yon timoun mouri, pwòp manman timoun nan pa kapab ret titris pwòp pitit pa l si li ta vin remarye (atik 332 K.S.). Fòk konsèy fanmi a (tout moun ki ap veye sou enterè timoun nan) reyini pou di si y ap kenbe pwòp manman timoun nan kòm titris li. Si, apre maryaj li, manman an pa mande, oswa pa rive jwenn, otorizasyon konsèy sa a pou l ret titris pitit li, l ap pèdi nèt al kole wòl titris pitit ki sòti nan vant li a.

**c) Nan zafè maryaj**

Depi an 1843, depi yon fanm marye, li konsidere tankou timoun piti, li pèdi yon seri dwa. Li vin tankou yon minè sou lòd mari l.

Kòd sivil la ki regle koze maryaj la pale konsa:

- Fanm nan dwe obeyisans a mari l, sa vle di koute epitou fè tou sa mari a di. (atik 197 K.S.)
- Domisil fanmi an se kote mesye a di li deside rete. Ki fè si mari a bwote, li deside al ret nan yon lòt zòn fòk madanm nan suiv li, la pou la. (atik 95 K.S.)
- Nan zafè testaman (papye yon moun kite lè li mouri e ki bay ki jan pou byen li genyen ta distribye e ki di tou kilès li chwazi kòm Ekzekite Testamantè, sètadi ki moun li vle ki pou fè distribisyon byen li yo, e

ki pou veye pou ke tou sa testatè a (moun ki fè testaman an) te di, fèt jan li te di a), nou wè yon fanm marye, menm si li majè pa kapab jwe wòl ekzekitè testamantè si mari l pa ba li otorizasyon pou sa (atik 835 K.S.). Ki fè si se yon fanm marye testatè a te chwazi pou okipe zafè l lè li mouri, fanm marye a, si mari li pa dakò, pa kapab jwe wòl sa a. Men yon fanm kapab fè yon testaman san otorizasyon mari a.

- Se mari a sèl ki gen otorite sou timoun yo. Se li sèl ki dwe deside sou tou sa ki konsène timoun yo. (atik 314, 330 K.S.).
- Yon fanm marye pa kapab sèvi tankou mandatè yon lòt moun san otorizasyon mari l oswa san otorizasyon lajistis.
- Yon fanm divòse dwe tann yon lane anvan li remarye, yo rele sa yon **dele viduite. (atik 213, K.S.)**
- Yon fanm marye pa gen dwa rele moun lajistis san otorizasyon mari l (kifè si yon moun dwe l yon kòb oswa si li ta gen pwoblèm nan zafè byen, li pa kapab antreprann okenn aksyon lajistis si mari a pa dakò (atik 199 K.S.).
- Yon fanm marye pa kapab asepte byen yo ta fè l kado epitou fè moun kado yon byen san otorizasyon mari li oswa san otorizasyon lajistis (atik 735 K.S.). Li pa kapab asepte byen yon moun ta mouri kite pou li, san otorizasyon mari a oswa san otorizasyon lajistis.
- Fanm marye a pa kapab ekzèse tout dwa li tankou lòt fanm ki pa marye. Se konsa li pa gen dwa administre sa vle di okipe byen fanmi an (vann, lwe kay, ipoteke kay...). Se mari a ki gen tout pouvwa pou sa.
- Yon fanm marye pa gen dwa achte byen pou kont li; li pa gen dwa vann byen menm si byen sa yo se pou li sèl yo ye. Se mari a ki gen tout pouvwa sou byen sa yo (atik 1206, 1213, 201 K.S.).

Se yon dekrè prezidan Lescot pibliye an 1944 ki te deklare tout fanm marye k ap travay ka achte byen ak lajan travay yo epitou yo kapab vann byen sa yo san otorizasyon mari yo.

## 2.- **Ki jan sa ye jodi a: sa ki chanje.**

Dekrè-lwa 8 oktòb 1982 a te vin retire yon seri gwo diskriminasyon sou fanm.

### a) **Sou dwa ak devwa mesye ak madan marye**

Dapre dekrè 1982 a, fanm ak gason ki nan maryaj vin gen menm dwa sou tou sa ki konsène devwa youn envè lòt ak nan tou sa ki konsène timoun yo. Mesye marye ak madan marye vin gen pou devwa pou youn bay lòt proteksyon, pou youn ede lòt epi okipe lòt lè yo nan pwoblèm. (atik 1, 2, 3, 4 dekrè 8 oktòb 1982).

Mesye ak madan marye dwe mete ansanm pou yo okipe tou sa ki konsène timoun yo; tout desizyon ki gen pou pran pou timoun yo se ansanm pou yo pran l.

### b) **Nan zafè byen**

Nan sa ki konsène byen yo, jounen jodi a se de kategori madan marye pou nou konsidere:

- Medam ki marye anvan dekre 1982 a

Medam ki te marye anvan dekrè sa a pa ka benefisye de sa dekrè a di sou zafè byen yo, akòz yon prensip lalwa ki di "Tout lwa kapab pale sou sa ki gen pou fèt, sa k te fèt deja p ap chanje". Sa lakòz sitiyasyon medam sa yo rete menm jan nan sa ki konsène byen yo dapre jan koze a te regle sou rejim yo te marye a.

Sèl amelyorasyon yo genyen se sa dekrè 1944 te pote pou yo.

*Men atansyon:* Si yon fanm marye vle achte yon byen poukont li, yon byen ki rele l chè mèt chè metrès, fòk fanm nan bay kote lajan an sòti, mari li ap fè deklarasyon kay notè pou l di se pwòp lajan madanm nan k ap achte byen an. Si yon fanm marye achte yon byen nan kondisyon sa yo, pandan li marye a pa gen pwoblèm. Men le jou maryaj la ta vin fini (pa divòs oswa lanmò) fòk madanm nan renonse ak tout rès byen kominote a (sètadi byen li gen a de ak mari li) pou byen sa a ka vin pou li sèl oswa fòk li reziyen l pataje byen sa a tou.


Medam sa yo pa ka rele yon moun lajistis san mari a, fòk mari a antre nan pwosè a tou. Avantaj medam sa yo genyen se yon ipotèk yo gen dwa pran sou byen pèsònèl mari yo, yo gen dwa tou rejete byen kominote a si yo deklare yo pa vle yo.

Medam sa yo pa kapab fè moun kado byen oswa resevwa yon byen an kado san konsantman mari yo. Sitiyasyon medam sa a yo rete menm jan ak anvan, li chanje senpman nan sa ki konsène timoun yo ak devwa madanm ak mouche gen youn pou lòt.

- *Medam ki marye sou dekrè 1982 a* (se tout medam ki marye apre 28 oktòb 1982).

Medam marye sa yo benefisye de tou sa dekrè a te di nan zafè byen, yo vin gen menm dwa ak mari a. Se ansanm ak mari a pou yo okipe tout byen fanmi an genyen. Yo kapab vann oswa angaje tout byen pèsònèl pa yo san otorizasyon mari yo. Pou tou sa ki konsène yo, yo gen dwa rele moun lajistis, menm si mari a pa dakò.

Men dekrè sa a pa t pale a klè sou yon seri koze tankou koze titris la, men yo sipoze fanm nan etan li vin gen yon seri dwa anplis, ka titris nenpòt ki timoun. Se konsa depi lane 1982 yon fanm ka titris yon



minè, yon fanm ka sèvi tankou mandatè, tankou ekzekitè testamentè san otorizasyon mari l.

### 3.- **Ki jan sa ye jodi-a: sa ki pa ko chanje.**

#### a) **domisil konjigal**

Dapre lalwa, domisil se pa "kay" kote yon moun rete, se zòn kote moun nan abitye regle zafè l, zòn kote yo ka jwenn li pi souvan.

Malgre dekrè a di se ansanm pou patnè yo chwazi domisil fanmi an, li te ajoute ke domisil fanmi an se kote mesye marye a rete a. Ki fè, si fanm nan ta vin gen yon bon travay k ap voye l nan yon lòt zòn, domisil li fèt pou ret domisil kote mari a ye. Pa ekzanp, yon fanm marye yo ta nonmen notè nan yon zòn ki pa kote mari a rete, yon fanm marye yo ta nonmen konsil nan yon peyi, ka gen pwoblèm devan lalwa paske domisil li rete domisil mesye marye a. Sitiyasyon sa yo ka lakòz yon pakèt pwoblèm pou fanm marye a, sitou lè nou konnen enpòtans domisil yon moun genyen devan lalwa.

Yon pakèt lòt peyi rezoud pwoblèm sa a e deklare fanm marye a kapab gen yon lòt domisil ki pa menm ak pa mari li. Gen lòt peyi kote lalwa di se tou lè de moun marye yo ki pou chwazi domisil konjigal la ansanm; si patnè yo pa rive antann yo sou sijè a, tribinal ap deside sivan konsiderasyon li ka fè sou avantaj domisil l ap chwazi a ka pote pou tout fanmi an.

#### b) **Dele viduite**

Dekrè a fèmen bouch li sou koze fanm divòse a ki gen pou l tann yon ane anvan pou l ta remarye. Yo te prevwa koze dele sa pou si yon fanm divòse e ki remarye ta vin rann li kont li ansent pou l ka si pou kilès timoun nan ye, si timoun nan se pitit ansyen mesye marye a

osnon pitit yon lòt gason. Lè sa a, lasyaris pa t ko fin devlope e pa t ko ofri tout yon seri analiz yon fanm kapab fè koulye a ki ka di si li ansent oswa si li pa ansent. Ki fè zafè dele sa a pa gen rezon pou li la toujou.

**c) Non / siyati**

Dapre lalwa, yon fanm marye pa blije pou pote non mari l. Poutan nan tout demach yon fanm marye ap fè kit se pou l fè yon paspò, kit se pou nenpòt ki lòt bagay, dapre koutim sosyete a, se non mari a ki pou parèt. Lè konsa yo mete sou papye yo pa ekzanp: Mme Luckner Pierre. Non pa fanm nan vin disparèt nèt.

Men yon fanm marye ki pa vle pote siyati mari l, lalwa wè sa tankou yon jouman. Se konsa, nan peyi d'Ayiti, yon mesye marye ka mande divòs poutèt madanm li refize pote non l. Konsa tou, kit se fanm nan oswa mari a ki mande divòs, lè jijman divòs la ap fèt mesye marye a ka mande tribinal pou yo ekzije fanm nan retire non l sou tout papye l yo, ak nan tout sa l ap fè. Ki fè sa rive ke fanm sa a ke tout moun te fin konnen tankou Madam Pierre oswa Madam Luckner, yo vin sezi tandè se Carole Paul li rele tout bon. Konsekans sa a kite nou sipoze lè yon fanm marye li dwe pote non mari a, men n ap fè nou sonje pa gen okenn lwa ki di sa.

### III.- FANM NAN LEJISLASYON PENAL

Lejislasyon penal, se pati lalwa ki okipe deli, kontravansyon, krim tout zak ki pa sa; se li ki okipe rapouswiv tout malfetè, rapouswiv tout moun ki komèt yon zak li pa t dwe komèt. Se lwa penal ki di tou sa pou yo fè ak moun nan lè li fè move zak sa a, ki gwosè pinisyon yo ka ba li, ki kantite tan pou yo mete l nan prizon. Liv kote yo rasanble tout lwa penal yo rele KOD PENAL. Kòd sa a, se pa ti granmoun li granmoun, se depi an 1835 li fèt. Gen kèk lwa ki te pran an apre sou koze penal la pou vin mete yon seri bagay nan plas yo, men sitiyasyon fanm nan zafè penal pa t sibi gwo pase men.

## 1.- Ki jan sa te ye lontan:

### **Fanm nan peyi Dayiti te viktim tou nan domèn sa a.**

#### **a) Jire**

Yon jire, se yon moun, yon sitwayen, nenpòt sitwayen lajistis rele vin asiste yon pwose kote y ap jije yon kriminel, pou sitwayen an ka bay opinyon li, pou l di si, daprè sa li sòt tande nan pwose a, moun y ap jije a koupab oswa inosan.

Se senpman an 1975, ak dekrè 3 màs 1975 la, yon fanm gen dwa asiste you pwose tankou manm jire nan asiz kriminel, anvan sa, lalwa te di fanm pa t gen dwa jire, yo te panse fanm nan pa t gen ase bon jijman ak matirite pou li te jwe wòl sa a.

#### **b) zafè adiltè**

Yo di gen adiltè lè yon moun marye al an relasyon seksuèl, al fè lanmou, ak yon lòt moun ki pa madanm li oswa ki pa mari l.

Te gen yon gwo diferans ant adiltè madanm nan ak adiltè mesye a. Depi yon mesye marye te bare madanm li nan kontak ak yon lòt gason kelkelanswa kote yo te bare l la, se yon adiltè. Yo te di pi rès: depi yon mesye marye bare madanm li ak yon lòt gason nan yon pozisyon ki fè l sispèk gen yon relasyon ant de moun yo, menm si li pa bare yo an kontak, li ka deklare se yon adiltè. Okontrè, pou fanm nan deklare adiltè mari a, fòk madanm li ta kenbe l nan relasyon ak yon fi nan kay kote yo rete a senpman, si yo kenbe mesye a nan yon lòt kay, pa gen adiltè.

## 2.- Ki jan sa ye jodi a:

### a) zafè adiltè

Ak dekrè-lwa ki sòti 8 oktob 1982, adiltè fanm nan vin menm ak adiltè gason an.

Madam marye a pa bezwen jwenn mari a an kontak nan kay kote yo rete a ankò. Ki fè si yon moun kenbe mari l koulè a ak yon fanm nan yon pozisyon ki kite madamn nan sispèk gen yon kichòy ant mari l ak lòt dam nan, se yon adiltè.

Men, dekrè sa a pa di anyen sou lòt koze konsekan ki konsène adiltè a. Ki fè jous jounen jodi a, yon madanm yo kenbe nan adiltè a ansamn ak tout patnè ki te nan kontak avè l la kapab kondane pou l pase sòti 3 mwa rive 2 ane nan prizon alòske mari a yo kenbe nan adiltè a ap gen senpman pou l peye yon ti valè kòb, sòti 100 goud rive 400 goud pou pi plis (atik 287 Kòd Penal).

*Pi rèd toujou:* Lè yon mari bare madanm li nan adiltè nan kay kote yo rete a, si l touye madamn nan ansamn ak tout patnè a, plis li ka pran se de (2) ane prizon. Moun ki te fè lwa sa a te petèt konsidere zak adiltè madanm nan tankou yon gwo imilyasyon, ki fè yo eskize mari ki ta komèt krim sa a (atik 269 K.P.).

Men si se madanm marye a ki komèt menm zak sa a sou matlòt li oswa sou mari l, madanm nan ap kondane kòm sa dwa, li gen pou l pase yon pakèt tan, tout rès vi li petèt, nan prizon. Nan sosyete kote n ap viv la, yo pa rekonèt fanm tankou moun ki ka gen gwo kolè, gwo reyaksyon, yon fanm sipoze ka kontwole tèt li. Se konsa moun ki fè lwa sa yo te panse si yon fanm rive komèt yon zak tankou touye mari l oswa matlòt li, fanm sa a se yon kriminèl.



**b) Kraze zo ak blese yon moun**

Atik 254 Kòd Penal la di:

“Yon moun ki bat yon lòt, blese li jiskaske viktim la rive malad oswa pa ka travay pandan 20 jou, dwe kondane pou l pase soti yon (1) ane rive twa (3) ane prizon.

Si viktim nan ta rive gen yon gwo domaj oswa ta rive kokobe, moun ki fè zak sa a ap kondane pou l pase yon bon tan nan prizon.

Si viktim vyolans sa a rive mouri, menn si moun ki fè zak la pa t gen lide touye l, li ap pase yon pakèt tan nan prizon”.

Atik sa a pale yon fason jeneral san pa gen okenn kote li pale de zak kraze zo mari konn fè sou madanm li. Lè sa rive fèt, lajistis pa bay koze sa a enpòtans paske yo toujou konsidere gason an tankou chef, yo pwoteje yon gason ki ta rive komèt yon zak konsa sou madanm li, yo pi vit panse fanm nan se yon move madanm, li te merite mari a bat li. Sa lakòz, fanm yo pa gen okenn fason pou yo pwoteje tèt yo e ke, an jeneral, yon fanm ki viktim vyolans mari li, pito kache sa.

**c) Kadejak**

Yo di gen kadejak lè yon moun fòse yon lòt fè lanmou avèk li san moun sa a pa t dakò, lè li fose moun nan fè l anba vyolans, lè li siprann li oswa pran l pa sipriz.

- Pi gwo pwoblèm kadejak la an Ayiti sòti nan Kòd Penal ki pa di aklè sa kadejak la ye. Kòd la senpman bay ki pinisyon pou bay yon moun ki fè kadejak sou yon lòt (atik 295 K.P). Sa lakòz anpil moun nan sosyete a sitou sa ki konsène yo tankou: jij yo, avoka yo, etsetera... pa fin pran akizasyon kadejak yo o serye, yo toujou di pou fanm nan dakò, gason pa bezwen fè anpil presyon, men san yo pa konnen depi gen presyon, gen kadejak. Yo konn di tou, menm lè fanm nan

pa t dakò zak la, li te ankouraje moun nan fè l. Yo mete chay la sou do fanm nan, yo di fanm nan mete rad ki mete gason yo sou sa oswa fanm nan ekspozè tèt li sèten kote pou kont li.

Tout sa se yon fason gason nan tout peyi ap chèche pou yo imilye fanm yo, pou yo retire chay la sou do gason parèy yo.

Dapre lwa penal peyi d'Ayiti, si yon moun fè kadejak sou yon timoun ki pa ko gen 15 an, moun sa a ap kondane pou l ret nan prizon pandan yon pakèt tan.

Si se yon granmoun ki viktim zak sa a, y ap kondane kriminel la soti 3 rive 9 ane prizon.

Pou depi tan lwa penal yo an vigè nan peyi d'Ayiti, yon moun k ap obsève ka konte sou dwèt li konbyen gason ki fè kadejak ki kondane pou zak sa a. Moun ki okipe zafè lajistis nan peyi a toujou chache yon jan pou yo retire gason an anba akizasyon kadejak la, yon fason pou l pa jwenn kondanasyon.

Gen anpil rezon pou sa: youn ladan yo se ta paske tout jij yo prèske se gason, avoka pou pifò se gason. Kadejak, se yon bagay sosyete a plis pase nan tripotaj, nan rizib; yo fè viktim nan vin wont, fanmi viktim nan konn pito li kache sa.

Epitou lè yon fanm viktim kadejak, li pa konnen sa li dwe fè. Nan demach pou l ta fè yo se ta pou l prese prese al jwenn yon doktè ki pou ekzamine l pou ba li bon jan sètifika medikal. Yon lòt demach ankò, se pou l al pote plent la menm, yon mannyè pou l trennen moun sa a lajistis. Epitou, fò fanm viktim nan ta mete fanm sou li pou l kenbe fèm pou l defann kòz li jouk nan bout, pou l ta chache yon avoka pou defann kòz la pou li nan tribinal.



Kadejak se yon move zak gason yo fè sou fanm nan imilyasyon yo enpoze l nan kò l. Fanm viktim nan kapab gen pwoblèm pandan tout rès vi li akòz move zak sa a. Kadejak se yon zak fanm pa dwe asepte bra kwaze sitou kadejak patnè konn fè sou menaj yo, kadejak mesye marye sou madanm li ak kadejak lòt malfetè ta fè. Ke l se malfetè, vakagon, menaj oswa mesye marye, tout fèt pou jije kòm sa dwa.

**d) Avòtman**

Avòtman se sa yo rele dilatasyon an; se lè yon gwosès pa rive nan bout li, ki vle di timoun nan pa rive fèt. Zafè avòtman se yon koze k ap fè anpil diskisyon nan tout peyi nan lemond. Nan yon pakèt peyi yo konsidere de (2) kalite avòtman:

- avòtman pwovoke
- avòtman terapetik (pou rezon sante)

Avòtman terapetik la pa kon lane paske li fèt lè yo konsidere gwosès la vin mete sante fanm nan oswa vi li an danje oswa lè yo dekouvri timoun ki pral fèt la ap mal fòme kanmenm.

Nou tout konnen timoun se moun. Gen moun k ap di depi jèm gason an jwenn ak jèm pa fi a, se yon timoun ki fèt, se yon moun ki fèt pou viv, yo fèt pou yo pwoteje vi sa a ki kòmanse ap fòme. Gen lòt moun menm ki panse ze a pa ko yon moun, gen sa ki di tou fanm nan se granmoun, li mèt tèt li, se li ki pou deside sa l vle ak sa li pa vle, sa l ka koresponn ak li epi sa li pa ka pote.

Nan peyi d'Ayiti, yo pa rekonèt avòtman, kit li pwovoke, kit li fèt pou rezon sante. Lalwa kondane tout moun ki fè avòtman, tout moun ki ede yon fanm fè yon avòtman. Lalwa peyi a di fòk moun sa yo pran prizon. Ki fè, malgre valè fanm k ap fè avòtman nan peyi a nan move kondisyon, malgre tout doktè, saj fanm k ap fè avòtman nan klinik yo

oswa nan lopital, avòtman sa yo toujou konsidere tankou yon deli, yon zak lalwa kondane (atik 262 K.P.).

- Menm si fanm nan ka mouri nan gwosès la, menm si sante li pa pèmèt li pote timoun nan, dapre lalwa peyi a, fanm nan pa gen dwa fè avòtman.
- Menm si se yon kadejak yo te fè sou fanm nan ki fè l vin ansent, lalwa pa otorize l avòte.

Men nan peyi d'Ayiti, depi tout tan lwa sa a chita, yo pa ko janm kondane yon fanm ki fè avòtman, oswa yon doktè, yon saj fanm, yon chalatan ki ede yon fanm fè avòtman.

Fò n pa bliye koze sida a tou. Lè yon fanm ansent fè timoun etan li gen jèm sida a, gen anpil chans pou timoun nan fèt ak jèm nan tou. Met sou sa, gwosès la ap lakòz eta sante fanm ki deja enfekte a degrade pi vit. Ki fè, dapre lalwa peyi d'Ayiti, yon fanm ansent ki vin dekouvri li gen jèm maladi sida pa ka fè yon avòtman. Konsa gen anpil timoun ki pral fèt ak maladi a.

Nou p ap antre nan tout diskisyon sa yo jounen jodi a men nou te fè yon ti rete sou li yon fason pou tout fanm reflechi sou sa. Lè lwa a ap chanje, li nesesè pou yo pran opinyon tout moun, sitou opinyon fanm yo ki konsène an premye pa pwoblèm sa a ak opinyon lòt moun konsekan tankou pè, pastè, doktè, psikològ, elatriye...

Sa ki enpòtan pou di tou sou domèn sa a se ke pa gen okenn fanm nòmal ki ta renmen avòte oubyen ki ta poze yon zak konsa alalejè. Le pli souvan, fanm ki rive jete yon timoun, se fanm ki pa t gen mwayen pou yo kontwole zafè fè pitit la lè yo te an afè, oubyen yo pa te gen zouti pou sa (grenn, piki, kapòt) oswa tou yo pa te gen

mwayen mande gason an pran prekosyon. Si tout fanm yo jwenn bon jan enfòmasyon sou fason pou yo pwoteje tèt yo, sou fason yo ka deside lè yo vle fè pitit, koze avòtman an pa ta menm pale.

Tout sityasyon sa yo (kadejak, avòtman, bat moun, adiltè) montre lalwa peyi d'Ayiti ki okipe zafè penal jouk jounen jodi a chaje ak diskriminasyon kont fanm.

### ***Kèk pwèn ki te toujou genyen an favè fanm***

Anvan abolisyon pèn de mò a, sa vle di lè lalwa pa t ko retire zafè touye kriminel yo, gen nan kòd la kèk atik ki te di fanm kriminel yo te kondane pou mouri, si l te ansent, se 40 jou apre akouchman an fanm sa a pèn la te gen pou l ekzekite. (atik 14 K.P.)

Gen yon dekrè tou ti te soti an 1953 (14 septanm 1953) ki te di: Lè yo kondane yon fanm anse: t 7 mwa, osnon yon fanm k ap alete yon bebe ki pa ko gen 6 mwa, / ap fè yon chita tann nan ekzekisyon kondanasyon an.

## **IV.- FANM NAN ZAFÈ TRAVAY**

### ***1.- Ki jan sa te ye lontan***

Nan lwa ki reglemante zafè travay, nou jwenn ki jan règleman relasyon ant patwon ak ouvriye, yo pale tou sou salè, sou bon jan kondisyon travay, sou konje, sou fason yo ka revoke yon travayè, elatriye...

Premye lwa peyi a ki trete de zafè travay, patwon ak ouvriye kit se te fanm kit se te gason, te soti an 1934.

Depi lè sa a, lwa a te pale an favè fanm yo, yo te bay medam yo

menm dwa ak gason nan zafè travay; yo te akòde fanm yo nan twa semèn konje matènite tou.

Lwa ki vin apre yo te mete yon ralonj sou konje matènite a. Se konsa, fanm ansent yo gen 12 semèn konje matènite kounye a. Se ofis asirans matènite k ap peye konje sa a si fanm nan te enskri nan biwo sa a pou yon asirans matènite. Si fanm nan pa t enskri, se patwon an ki gen pou peye l konje a.

Denye Kòd ki soti sou zafè travay la se Kòd travay 1961 an ki pale konsa:


- Anvan yon fanm marye asepte yon travay, fòk li gen otorizasyon mari li;
- Fòk yo fè krèch (gadri) gratis, nan tout antrepriz ki anplwaye plis pase 50 ouvriyèz, yon manyè pou fanm yo jwenn yon kote pou yo kite timoun piti yo ki pa ko gen plis pase de (2) an;
- Fanm k ap bay tete, gen 15 minit chak twa zè, pou l al okipe tibebe a;

## 2.- **Kijan sa ye jodi a**

Se yon dekrè 24 fevriye 1984 ki vin kore kòd travay 1961, ki an aksyon jodi a.

Nan dekrè 1984 la, yo pote kèk chanjman sou sitiyasyon fanm nan zafè travay. Koze fanm yo chita nan chapit 7 ki di:

- Fanm gen menm dwa, menm obligasyon ak gason nan lalwa sou travay;
- Yon fanm ki fè menm travay ak yon gason dwe touche menm kantite lajan gason an touche a;
- Patwon dwe bay fanm yo yon lokal pou yo ka chanje rad, si travay la mande sa;



- Yo pa dwe fè diferans ant fanm marye ak fanm ki pa marye nan sa ki konsène dwa yo, sa yo gen pou fè ak nan kondisyon travay yo;
- Si fanm nan fè yon fos kouch, fòk li gen yon konje peye soti 2 semèn rive 4 semèn;
- Si travay fanm nan gen pou l fè lè li sot akouche a ba l pwoblèm sante, patwon an gen pou devwa pou l chèche yon lòt travay bay fanm nan fè nan antrepriz la;
- Si patwon an pa jwenn lòt travay bay fanm nan fè, l ap ba l yon konje peye 90 jou pou pi plis;
- Dekrè sa a pa reprann koze krèch (gadri) pou timoun yo;
- Yo pa dwe tou pou revoke fanm yo paske yo ansent oswa yo akouche.
- Fanm ansent yo pa dwe fè yon seri travay ki mande gwo jefò fizik pandan 3 dènye mwa gwosès la.
- Fanm ansent yo gen 12 semèn konje. Se ofis asirans aksidan travay, maladi ak matènite ka p peye konje sa a si fanm lan te enskri nan biwo sa a pou yon asirans matènite. Men zafè asirans matènite a pa ko ka mache jous jounen jodi a. Ki fè annatandan dekrè a di patwon yo dwe peye fanm ansent yo 6 semèn konje matènite.

Dekrè a ekzije fanm ansent lan pran 6 semèn anvan li akouche ak 6 semèn an aprè. Kòd la pa bay fanm nan opòtinite pou l ta lib pou l chwazi lè li ta vle benefisye konje matènite a; Konsa fanm nan ta deside si li vle pran konje a swa dat li akouche oswa kèk jou anvan li akouche, yon fason pou pèmet fanm nan pi repoze apre akouchman an epitou bay ti bebe a tete pi lontan.

### **Zafè asirans**

Asirans, se tout avantaj yon moun k ap travay dwe genyen. Se konsa yon moun k ap travay, k ap itil peyi l dwe genyen yon ti kòb pou l viv, lè li p ap travay, lè li pa ka travay ankò oswa lè li malad.

Se nan lwa sa yo, yo te rekonèt dwa fanm k ap viv nan plasay (lwa 12 septanm 1951, 11 septanm 1957, kòd travay 1961).

Konsa, yon fanm k ap viv nan plasay depi yon ane avèk yon mesye ki ta vin pa kapab travay oswa mouri, fanm dwe benefisye 40% nan asirans mesye a.

Lwa andedan Ministè Afè Sosyal (lwa 28 dawou 1967) te vin mete yon ralonj sou tan fanm plase a dwe viv ak patnè a e fè li pase de yon (1) ane a senk (5) an pou fanm nan te kapab benefisye 30% asirans patnè a.

## V.- FANM NAN KOMES

Kòd komès la reyini tout lwa ki okipe tout zafè komès, endistri ak enstitisyon ki la pou prete lajan (tankou labank etsetera).

An Ayiti se preske fanm sèlman nou jwenn nan tout ti komès (vann provizyon nan mache, machann sara, machann sirèt, machann pèpè...), poutan sitiyasyon fanm komèsan yo pa klè.

### 1.- *Ki jan sa te ye lontan:*

Dapre kòd komès la (atik 4), pou yon fanm marye fè komès fòk mari l dakò ak sa, epitou pou fanm marye a pote non komèsan, fòk mari a pa gen anyen a revwa ak komès sa a (atik 5, kòd komès).

Poutan, lè fanm marye a rive jwenn konsantman sa a, fanm komèsan la, kapab san li pa mete mari a okouran, degaje l kou l konnen pou l fè komès la mache. Men tout zak li fè mari a pral responsab ladan yo tou, si li marye sou rejim kominote. Pa ekzanp, si fanm marye a te rive prete yon kòb pou komès li, menm si l pa t mete mari l okouran, yo gen dwa vin sezi byen fanmi an si fanm nan pa rive remèt kòb la.



## 2.- Ki jan sa ye jodi a:

Dekre ki sòti 8 oktob 1982 a, chanje bagay yo nèt. Piske madam marye a vin granmoun tèt li, li pa bezwen otorizasyon mari l pou l fè komès.

Men ak dekrè sa a gen yon pakèt koze ki rete sou silans, pa gen bon jan limyè sou yo. Se sipoze tout moun ap sipoze. Se konsa yo sipoze sitiyaasyon an vin chanje pou tout medam ki te marye sou dekrè a, men sa ki te marye depi anvan sa, sitiyaasyon yo gen lè pa chanje.



## **KONKLIZYON**

Sa nou obsève lè n ap gade lwa ki sòt konsidere la yo, se ke sitiyasyon fanm nan lalwa peyi d'Ayiti pa klè. Lwa yo depaman youn ak lòt. Gen yon seri lwa ki bay gason yo plis avantaj pase fanm yo. Li nesèsè pou tout lwa yo mete kò yo an amoni epitou disparèt ak yon kantite koze ki vin initil jounen jodi a. Lè sa va rive, se pa fanm yo senpman, se tout sosyete a, ki pral tire benefis la.



## EVALYASYON

- 1.- *Dapre sa ki sot analize la a, nan ki pati lwa peyi d'Ayiti yo, fanm yo jwenn plis diskriminasyon?  
Dapre ou menm, pou ki sa?*
- 2.- *Eske yon fanm ki marye depi ane 1950 gen dwa resevwa an kado yon byen frè l ta deside ba li, san mari l pa konnen?*
- 3.- *Pou ki pozisyon yon fanm ka poze kandidati l lè gen eleksyon, jounen jodi a?*
- 4.- *Ki sa yo rele avòtman terapeetik? Bay kèk ekzanp.*
- 5.- *Nan zafè travay, èske patwon ta ka revoke yon fanm ansent, yon travayèz k ap mete dezòd nan travay la toulejou?*
- 6.- *Si ou marye an 1987, eske mari w gen pou l bay otorizasyon l si ou deside fè komès?*
- 7.- *Dapre lalwa kilès ki pou pran desizyon nan sa ki konsène timoun yo (manman oswa papa)?*
- 8.- *Ki konsèy ou ka ba yon fanm ki viktim yon kadejak?*
- 9.- *Ki sitiyasyon yon fanm ki ta rive touye mari l akòz li jwenn mari a nan adiltè?*
- 10.- *Ki sitiyasyon yon mari ki ta rive bat madanm li jiskaske li domaje l, akòz li jwenn madanm li nan adiltè?*

